

## LÈT LANMOU PAPA-A

Yon mesaj entim soti nan Bondye pou ou.

### *Pitit mwen,*

Ou ka pa konnen m', Men mwen sonde'w, mwen konnen ki moun ou ye (1) Mwen konnen lè'w chita ak lè'w kanpe. (2) Mwen abitye ak tout fason ou. (3) Ata grenn cheve nan tèt ou yo, mwen konte. (4) Paske ou te fè nan imaj mwen. (5) Se mwen menm ki te ba ou lavi'w ak tout kapasite'w. Paske ou se pitit mwen. (6) Mwen te konnen ou menm anvan mwen te ba ou lavi nan vant manman 'w. (7) Mwen te chwazi ou lè mwen te planifye kreyasyon an. (8)

Ou pa t'yon erè. Tout jou ou yo ekri nan liv mwen an. (9) Mwen te detèmine tan egzakt nesans ou ak kote ou t'ap viv. (10) Ou se yon bèl kreyati. (11) Se mwen ki te fome'w nan vant manman'w. (12) Mwen fè ou soti nan vant manman ou.. (13) Mwen te defòme pa moun ki pa konnen m'. (14) Mwen pat jam rale kom, ni fache, paske'm se vwè examp lanmou-an (15) Se lanmou pa'm ke map ban nou. Paske nou se pitit mwen e se mwen menm ki papa nou. (16) Mwen renmen ou plis pase papa ou sou latè janm kapab. (17) Mwen se papa pafè a. Mwen se pi bon papa ki genyen. (18) Tout bèl kado ou resevwa soti nan men mwen. (19) Mwen se founisè ou epi mwen satisfè tout bezwen ou yo. (20) Plan mwen pou lavni ou te toujou plen ak espwa. (21) Paske mwen renmen ou ak yon lanmou etènèl. (22) Plan pa'm pou ou pi plis pase grenn sab ki bo lanmè. (23) Mwen rejwi lè wap celebre non'm. (24) Mwen p'ap janm sispann fè byen pou ou. (25) Paske ou se trezò mwen, ou gen anpil enpòtans pou mwen. (26) Mwen vle etabli ou ak tout kè m'ak tout nanm mwen. (27) Apre sa, mwen vle montre ou gwo ak bèl bagay. (28) Si ou chache m'ak tout kè ou, wap jwenn mwen. (29) Pran plezi nan mwen e map ba ou sa kè ou dezire. (30) Se mwen menm ki te ba ou dezi sa yo. (31) Mwen kapab fè plis pou ou pase ou ta ka imajine. (32) Mwen se pi gwo ankourajan ou. (33) Mwen Papa'w ki konfòte ou nan tout pwoblèm ou yo. (34) Map ankouraje ou nan tout lapenn ou yo. (35) Kankou yon bèje pote yon ti mouton, mwen te pote ou nan bra mwen. (36) Yon jou mwen pral siye tout dlo nan je ou. Map efase tout doulè ou te sibi sou tè sa. (37) Se mwen menm ki papa ou, Mwen renmen'w menm jan mwen renmen pitit mwen an Jezi. (38) Nan Jezi mwen montre lanmou'm pou ou. (39) Se bon potè pam li ye. (40) Li te vini pou montre ke mwen pou nou, pa kont ou. (41) E li te fè ou konnen ke'm te vle byen avè'w anko. Jezi te mouri pou ou menm ak mwen te kapab rekonsilye. (42) Lanmò li te pi bel ekspresyon lanmou mwen pou ou. (43) Mwen te renonse pwop Pitit mwen pou'm te ka jwen lanmou pa'w. (44) Moun ki rekonèt pitit mwen an, se mwen menm li rekonèt. (45) Anyen pa ka retire lanmou'm pou ou. (46) Gen anpil kontantman nan syèl la lè yon moun ki tap fe sa ki mal tounen vin jwen mwen (47) Mwen te toujou papa'w e map toujou papa'w. (48) Kesyon pam se... Eske ou vle vin pitit mwen ? (49) M'ap tann ou. (50)

### *Papa'w ki renmen'w,*

### *Bondye ki tou pyis an*

Lèt Lanmou Papa-a se yon konpilasyon vèsè yo prezante nan yon fòm lèt lanmou soti nan Bondye pou ou ...

(1) Sòm 139: 1; (2) Sòm 139: 2; (3) Sòm 139: 3; (4) Matye 10: 29-31; (5) Jenèz 1:27; (6) Travay 17:28; (7) Jeremi 1: 4-5; (8) Efezyen 1: 11-12; (9) Sòm 139: 15-16; (10) Travay 17:26 (11) Sòm 139: 14; (12) Sòm 139: 13; (13) Sòm 71: 6; (14) Jan 8: 41-44; (15) 1 Jan 4:16; (16) 1 Jan 3: 1; (17) Matye 7:11; (18) Matye 5:48; (19) Jak 1:17; (20) Matye 6: 31-33  
(21) Jeremi 29:11; (22) Jeremi 31: 3; (23) Sòm 139: 17-18; (24) Sofoni 3:17; (25) Jeremi 32:40; (26) Egzòd 19: 5; (27) Jeremi 32:41; (28) Jeremi 33: 3; (29) Deteronòm 4:29 (30) Sòm 37: 4; (31) Filipyen 2:13; (32) Efezyen 3:20; (33) 2 Tesalonisyen 2: 16-17; (34) 2 Korentyen 1: 3-4; (35) Sòm 34:18; (36) Ezayi 40:11; (37) Revelasyon 21: 3-4; (38) Jan 17:23 (39) Jan 17:26; (40) Ebre 1: 3; (41) Women 8:31; (42) 2 Korentyen 5: 18-19; (43) 1 Jan 4:10; (44) Women 8: 31-32; (45) 1 Jan 2:23; (46) Women 8: 38-39 (47) Lik 15: 7 (48) Efezyen 3: 14-15; (49) Jan 1: 12-13; (50) Lik 15: 11-32. © 1999 Father Heart Communications FathersLoveLetter.com - Tanpri santi ou lib kopye & pataje ak yon lòt